



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN KECAMATAN CINAMBO
SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL



Jl. A.H Nasution No. 38 A Kota Bandung 40612 Email: sdnandirkidul@gmail.com
NPSN : 20245439 Terakreditasi A (Ungul) 1346/BAN-SM/SK/2021 NSS : 011102126029

PENILAIAN HARIAN BASA SUNDA

TAHUN PELAJARAN 2022-2023

Nama :

No Absen :

Kelas : 6

Mata Pelajaran : BASA SUNDA

Baca sing taliti

Nagara Indonesia kaasup salahsahiji nagara di Asia anu lega wilayahna tur dedet padumukna. Indonesia ge kaasup nagara anu beunghar ku basa jeung seni budayana. Seler bangsa, basa jeung seni budaya Indonesia beda-beda tapi tetep ngahiji dina beungkeutan nagara Indonesia.

1. Maksud kalimah anu di garis handap nyaeta ...

- A. Indonesia se'le'r bangsa na loba
- B. Basa jeung seni budayana rupa-rupa
- C. Luas wilayah nagarana lega
- D. Padumukna dedet

Baca sing taliti

Saha nu teu apal ka Mang Koko? Ngaran lengkepna mah Koko Koswara. Lahir di Indihiang, 10 April 1917, pupus dina tanggal 4 Oktober 1985. Manehna teh, hiji komponis lagu. Ti mimiti lagu-lagu barudak, dewasa nepi ka lagu-lagu pikeun umum.

2. Numutkeun kana caritaan di luhur, lagu-lagu anu diciptakeun ku Mang Koko mangrupa ...

- A. Lahir di Indihiang , 10 April 1917, pupus dina tanggal 4 Oktober 1985
- B. Ngaran lengkepna mah Koko Koswara
- C. komponis lagu
- D. Ti mimiti lagu-lagu barudak, dewasa nepi ka lagu-lagu pikeun umum.

3. Yuswa sabaraha taun Mang Koko pupusna?

Numutkeun kana bacaan berarti yuswa Mang Koko ...

- A. 65 taun

- B. 66 taun
- C. 68 taun
- D. 69 taun

Baca sing taliti

Internet teh mangrupa alat canggih (moderen) anu mampuh nampung jeung mere rupa-rupa informasi, ti mimiti struktur karbon anu teu kaciri nepi ka pacuan kuda.

Ngaliwatan internet urang bisa maca rupa-rupa hal anu aya pakaitna jeung 'perangkat lunak', musik, gambar-gambar, multimedia, video, teks jeung cara anu murah pikeun ngarobah nyarita jarak jauhku ayana *videocall*

4. Dina teks di luhur, lain manfaat ku ayana internet nyaeta ...

- A. Bisa ngobrol langsung najan jarak jauh ku ayana "video call"
- B. Bisa ninggali rupa-rupa musik, gambar, multimedia jeung video
- C. Bisa maca informasi mangrupa teks
- D. Bisa langsung meuli kadaharan tuluy langsung dikonsumsi

5. Numutkeun bacaan nomer 4, internet teh nyaeta mangrupa ...

- A. Hiji perangkat anu klasik nu bisa dijual ditukang loak
- B. Alat moderen anu mampu nampung jeung mere rupa-rupa informasi
- C. Alat canggih anu bisa ngomong sorangan lamun diparentah langsung
- D. Alat moderen anu bisa mantuan jelema keur ngalaksanakeun sagala pagawean sapopoe

I. CEKLIS JAWABAN YANG TEPAT PADA KOTAK SESUAI PERTANYAAN DI BAWAH INI DENGAN BENAR!

6. Anu kaasup kecap barang di handap ieu nyaeta ...

- ☐ ngoper
- ☐ leutik
- ☐ kaadilan
- ☐ pakean

7. Anu kaasup kecap sifat nyaeta ...

- ☐ beureum
- ☐ kasep
- ☐ karesep
- ☐ kaasupan

8. Pupuhu sakola nyaritakeun ka barudak keur upacara, barudak kudu loba tatanya lamun can ngarti.

Kecap rajekan dwipurwa anu aya dina bacaan nyaeta ...

- ☐ pupuhu
- ☐ nyaritakeun
- ☐ tatanya
- ☐ sakola

9. Baca sing taliti!

Ngaliwatan internet urang bisa maca rupa-rupa hal anu aya pakaitna jeung perangkat lunak, musik, gambar-gambar, multimedia, video, teks jeung cara anu murah pikeun ngarobah cara nyarita jarak jauh.

Numutkeun kana teks deskripsi di luhur, urang bisa maca rupa-rupa hal tina internet. rupa-rupa hal ngeunaan ...

- ☐ gambar-gambar
- ☐ barang aslina langsung
- ☐ multimedia
- ☐ kadaharan langsung aya

10. Dina ngagunakeun internet kudu ati-ati jeung taliti, tong kabawa ku sakaba-kaba Numutkeun bacaan, sikep anu alus pikeun bisa mere manfaat dina ngagunakeun internet nyaeta ...

- ☐ warta tina media sosial bebas dikirim balik ka babaturan
- ☐ urang bisa bebas maca warta anuviral di media sosial
- ☐ kudu ati-ati ngirimkeun deui warta anu katarima, bisi hoax
- ☐ lamun narima beja, kudu ditilik heula kabeneran nana eta warta

III. Pilihlah dengan memberi tanda centang (v) benar atau salah pada pernyataan berikut ini

No	Pernyataan	benar	salah
11	Bapa kuring keur marab meri kukutan nana Kalimah diluhur dilemeskeun jadi Pun bapa keur marab meri kukutan nana	☐	☐
12	A. Susi nulis carpon Carpn ditulis ku Susi Conto kalimah A jeung B di luhur kaasup kalimah anu make kecap pagawean aktif-pasif	☐	☐
13	Kecap pagawean reflektif aya dina kalimah Badru jeung susi silih pelong	☐	☐
14	Kecap rajekan dwipurwa conto kecapna cocolok tina kecap colok, cacantel tina kecap cantel, susuguh tina kecap suguh	☐	☐
15	Mang Hasyim teh ayeuna keur meunang (pait), sabab pamajikan nana maot kamari. Kalimah di luhur kuduna ngalarapkeun kecap rajekan dwipurwa nyaeta ngarubah kecap pait jadi kapaitan	☐	☐
16	Bapa kuring pagaweannana jadi tukang ngomean kapal udara Dilemeskeun jadi Pun bapa padamelanana janten tukang ngomean kapal udara	☐	☐
17	Ayeuna pesen tuangeun tiasa nganggo "go food" Kalimah diluhur mangrupa kalimah anu geus dilemeskeun tina "kiwari mah pesen dahareun biasa make go food"	☐	☐
18	Dina widang komunikasi ge' kiwari mah loba ngagunakeun alat-alat anu canggih Kalimah di luhur di lemeskeun jadi Dina widang komunikasi ge', ayeuna mah seueur ngagunakeun alat-alat anu canggih	☐	☐

IV.Jodokeun pananya anu aya di belah kencana ka katuhu!

Baca heula teks sing taliti!

Kiwari willbur jeung Orville Wright teh pantès meunang landian Bapa Kapal Udara. Sanajan lain maranehna nu pangheulana manggihannana. Tapi kapal ciptaanna aya punjulna nyaeta wujud kapalna deukeut-deukeut saperti kapal anu ayeuna dipikawanoh ku urang nyaeta bisa ngapung jeung ditumpakan

20.Kiwari willbur jeung Orville Wright teh pantès meunang landian ... ●

● Wujudna deukeut jeung model kapa ayeuna

21.Numutkeun bacaan, kapal ciptaanna aya punjulna ku sabab ... ●

● Bapa kapal udara

22. Pun bapa mah waktos ... ka Bali, nganggo pesawat udara ●

● mios

23. Waktos abdi ... ka Taman sapari sareng rerencangan, nganggo mobil pariwisata. ●

● astronomi

24. Ilmu anu ngajarkeun rupa-rupa bentang nyaeta ... ●

● geologi

25. Ilmu bumi, ahlinana disebut ahli ilmu bumi nyaeta ... ●

● angkat